ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№85 (24.055) ● 2020 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 18, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Налшык щыIущIащ УФ-м юстицэмкIэ и министрым и къуэдзэ Алханов Алий

Бадзэуэгъуэм и 16-м лэжьыгъэ Iуэхукlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIащ Урысей Федерацэм юстицэмкIэ и министрым и къуэдзэ Алханов Алий.

АЛХАНОВ А. республикэм зэрыщыIэнум теухуауэ ягъэпса программэм ипкъ иткIэ ар ипэщIыкIэ IущIащ КIуэкIуэ К. Абы кърихьэлIащ УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм и Iуэхуэхэр зэкIэлъыкIыгъакIуэ департаментым и унафэщI Строганов А. , УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Ставрополь крайм щыIэм и Iэтащхьэ Гультяев С., УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм и Управленэу КъБР-м щыIэм къатихыу зэтету хуащIа унэщIэм икIи а Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм яIущIащ.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ къэрал политикэр пхыгъэкIыным, республикэм хабзэр къыщызэгъэпэщыным ехьэлIа лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм юридическэ дэIепыкъуныгъэ пщIэншэу ягъуэтным ехьэлIа Iуэхур зэфIэгъэкIа зэрыхъум. Абдежым къыщыхагъэщащ властым и щIыналъэ, Iэнатlэхэм къащтэ правовой актхэр федеральнэ законодательствэм теухуэу щытыным хуэунэтIа лэжьыгъэфI зэрырагъэкIуэкIыр.

КIуэкIуэ Казбек Алханов Алий фIыщIэ хуищIащ республикэм и нэIэ къызэрытым папщIэ икIи адэкIи зэдэлэжьэну зэрыхьэзырыр жиIащ.

А махуэ дыдэм Алханов Алий зыщиплъыхьащ УФ-м Юстицэмкlэ и министерствэм и Управленэу КъБР-м щыIэм къатихыу зэтету хуащIа унэщIэм икIи а Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм яIущIащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэр Махуэ Билал ехъуэхъуащ Олимп Джэгухэм я чемпион зэрыхъуамкIэ

Инджылызым и къалащхьэм 2012 гъэм щекIуэкIа Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм я фыщ медалыр Махуэ Билал къыззэрыратамкIэ абы ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

«ДУНЕЙПСО Олимп Комитетыр хэплъэжащ Лондон щекIуэкIа Олимп Джэгухэм бэнэкIэ хуитымкIэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм къырикIуаэхэм. Килограмми 120-м нэблагъэ зи хьэлъагъ бэнакIуэхэм Олимпиадэм щрагъэкIуэкIа зэпеуэм и фыщ медалыр МОК-м и унафэм тету къыхуагъэсфэщащ Махуэ Билал. Си гум къыбгъдэкIыу Билали абы и гъэсакIуэхэми сохъуэхъу хуэфащэ дыдэу дамыгъэ лъапIэр къыззэрыратам папщIэ», - итщ республикэм и Iэтащхьэм Инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым иритха хъуэхъум.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумрэ зыщегъуэжьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №122-ПП

2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м Налшык къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щII**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумрэ зыщегъуэжьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм щыщхьэIум и 14-м къыдигъэкIа унафэ №236-ПП-мкIэ къащтам, мы унафэм щIыгъу гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

«Экономикэ зыужьыныгъэмрэ щIэм тет экономикэмрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №128-ПП

2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м Налшык къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щII**:

«Экономикэ зыужьыныгъэмрэ щIэм тет экономикэмрэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм щыщылъэм и 17-м къыдигъэкIа унафэ №1-ПП-мкIэ къащтам, мы унафэм щIыгъу гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къыдигъэкIа унафэ №58-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №131-ПП

2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м Налшык къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щII**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм ит жьы хъуа псэупIэхэм щIыхуэхэр 2019 - 2022 гъэхэм кърибудэу къыщIэгъэIэпхъукIыным теухуауэ» республикэ программэ хэхар къыдэтэным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2019 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къыдигъэкIа унафэ №58-ПП-м мы унафэм щIыгъу гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий



Урысейм и хабзэубзыхуэм я зэIущIэм

УФ-м Федерацэмкlэ и Советым и Унафэщым и япэ къуэдзэ Фёдоров Николайрэ Къэрал Думэм и Унафэщым и къуэдзэ Яровая Иринэрэ видеоконференц жыпхъэм иту ирагъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Хабзэубзыхуэм я советым и президиумым и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1, Урысей Федерацэм и Хабзэубзыхуэм я советым Социальнэ политикэмкIэ и комиссэм щыщ Егоровэ Татьянэ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ дэIепыкъуныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ Урысей Федерацэм и къэрал кIуэцI туризмэм зэрызегъэужьыпхъэ Iэмалхэмрэ. Къулыкъущ1эхэм къыхагъэщащ а Iэнатlэхэм пандемиер нэхъ куууэ зэрызыхащIар.

Фёдоров Николай жиIащ къэрал властхэм нобэкIэ япэ иратащIыр псоми я дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхуэхэр зэрырар - цIыхуэхэм лэжьапIэ яфIэмыгъэкIуэдыныр, я хэхъуэр къыззэтемыувыIэныр, экономикэм и зыужьыныгъэр къызэгъэпэщыныр. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, Федерацэмкlэ Советымрэ хэгъэгуэмрэ зэгъусэу хуабжьу лэжьыгъэшхуэ зэфIахащ, абы хохьэ хьэрычэтыщIэхэм ядэIепыкъунри.

- ЩIыналъэхэм я нэхъыбэм налогхэр щагъэмэщIащ, щIыхуэу къащтэ ахъшэм процент лей темыхьэу ящIыфащ, лэжьыгъэ щекIуэкI Iуэхущ1апIэхэмрэ сату центрхэмрэ ехьэлIауэ мыпIыкъм техьэ налогыр ягъэмэщIащ. ДэIепыкъуныгъэ лъэщ хъуащ хьэрычэтыщIэ псоми я лэжьыгъэр къапщытэу, мыпIыкъкIэ тезыр тралъхьэныр Федеральнэ налог Iэнатlэмрэ нэгъуэщI къулыкъущ1апIэхэмрэ къызэрызэтрагъэувыIар, - жиIащ Фёдоров Николай.

Къэрал кIуэцI туризмэм и зыужьыныгъэм и гугъу пщIымэ, экономикэр зэпIэзэрыт щIыжьынымкIэ лъэпкъпсо планым ари зэрыхагъэхьам гу лъаригъэтащ япэ вице-спикерым.

Къэрал Думэм и Унафэщым и къуэдзэ Яровая Иринэ игъэбелджылащ пандемием къытухихьа гугъуехьхэр ягъэзэжьэжьан папщIэ хэкIыпIэщIэхэр къэгупсысын зэрыхуейр. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIащ хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ, туризмэм къахуэгъуэтыпхъэр. Абы ипкъ иткIэ, Яровая Иринэ къыхилъхьащ хьэрычэтыщIэхэм щIыналъэхэм зэращыдэIепыкъуахэм хэплъауэ, нэхъыфIу къызэхъулIаэм я бгъэдыхьэкIэр хэIущIыIу ящIыну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ туризмэр Урысейм и цIыхуэм я дежкIэ мыпIанIэу къызэгъэпэщын зэрыхуейм, зыгъэпсэхупIэ комплексэр зэрызэфIэгъэувэжьыпхъэм, курортхэр къэрал дэIепыкъуныгъэ зэрыхуэныкъуэм. Апхуэдэуи къыхагъэщащ агроту ризмэм зегъэужьыным, экскурсоводхэм, гид-зэдзэкIэкIуэхэм, инструкторхэм статус хэха етыным теухуауэ ягъэхьэзыра дэфтэрхэм Къэрал Думэр хэплъэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Иджыпсту зэфIэгъэкIын хуейуэ къапэщылъ Iуэхугъуэхэм хэплъахэм ящыщщ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Илюшниковэ Татьянэ, финансхэмкIэ министрым и къуэдзэ Максимов Тимур, Туризмэмкlэ федеральнэ агентствэм и Iэтащхьэ Догузова Заринэ, къэрал властым и федеральнэ, щIыналъэ къулыкъущ1апIэхэм я унафэщIхэмрэ лIыкIуэхэмрэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● КъБР-м и Парламентым

Гъатхэ сессиер зэхуащIыж

КъБР-м и Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и гъатхэ сессием и нужьрей зэIущIэр зэхэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ республикэм и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ.

ДЕПУТАТХЭМ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ республикэ закон зыбжанэм, апхуэдэуи 2020 гъэм и япэ кварталым республикэ бюджетыр зэрагъэзэщIам теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и докладым едэIуащ, бжьыхь сессием зэлэжьыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр яубзыхуащ.

Законхэм я проектхэр

ЗэхъуэкIыныгъэхэр зыхалъхьа законхэм ящыщщ «КъБР-м и жармыкIэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ», «КъБР-м и бэзэрхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ» законхэр. Ди республикэм щIыIэ бэзэрхэмрэ жармыкIэхэмрэ федеральнэ законодательствэм къигъэув мардэхэм изагъэу лэжьну зэтраублащ. Абы щэхуакIуэхэмрэ сатуущIэхэмрэ зэран яхуэхъун халъхьакъым, терминологиехэр яхъуэжа мыхъумэ.

КъБР-м и бюджетыр

2020 гъэм и япэ кварталым республикэ бюджетыр зэрагъэзэщIам теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Калабеков Азэмэт. Республикэм хэхъуэу иIащ сом меларди 7-рэ мелуан 762-рэ, ар илъэсым иIэну зэхъуэм и процент 18-м нос. Налогхэмрэ налогым щымыщ хэхъуэу илъэсым зыпэплъам и процент 22,1-рэ къаIэрыхьащ, ар сом меларди 2-рэ мелуан 679,1-рэ мэхъу.

Республикэ бюджетым и ахъшэу къигъэсэпащ сом меларди 6-рэ мелуан 600-рэ. Абы щыщу сом меларди 5-рэ мелуан 306-р республикэ мылъкущ, сом мелард 1-рэ мелуан 294-р федеральнэ бюджетым къыхэкIащ.

Налогыу республикэ мылъкум къыхэхъуащ сом мелуани 2-рэ мелард 509-рэ, ар 2019 гъэм иджы хуэдэ и зэманым ельытауэ сом мелуан 35-кIэ нэхъыбэщ. Налогым щымыщ хэхъуэу зэхуахьэсащ сом мелуни 169-рэ. Зымыгъэзэж мылъкуу сом меларди 5 къыхэхъуащ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэр илъэсым и пэщIэдзэм зэрыхэхъуам теухуа Iуэхум. КъБР-м и Парламентым и депутат Карныш Сергей къыззэрыхигъэщамкIэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэм и улахуэ фондыр зыкIи нэхъыбэ хъуакъым, абы къыхэкIыу егъэджакIуэхэм къаIэрыхьэм хэщIащ.

ЗэIущIэм и гугъу щащIащ КБР-м и бюджетыр етIуанэ кварталым зэрагъэзэщIну щыкIэм, ар мы уэрфэ къежьам дызригъэува щытыкIэ гугъум ельытауэ зэрыщытынум.

Гъатхэ сессием кърикIуахэр

Парламентархэм яубзыхуащ гъатхэ сессиер бадзэуэгъуэм и 17-м зэриухыр, бжьыхь сессием фокIадэм и 14-м зэрыщIидзэр.

Блэкlа лъэхъэнэм щытепсэлъыхьым Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ щытыкIэ гугъум хэлэжьыкIын хуей зэрыхъуар. Абы къыхэкIыу щIыпIэхэм щрагъэкIуэкIын хуея зэхуэсхэр къайМыхъупIами, гъатхэ сессием къриубыдэу я пщэ дэлъахэм я нэхъыбэр зэфIахащ.

- Ди лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьауэ екIуэкIащ, республикэр зыхуэныкъуэ законхэм я проектхэр зэхэтлъхьэрэ къыдэдгъэкIыу, псом хуэмыдэу цIыху щхьэхуэхэмрэ хьэрычэт Iуэхумрэ ятеухуахэр. Иджыри илъэсипл1 дыззэдэлажьэн хуейщи, си гугъэщ унафэ купщIафIэхэр къэтщтэну. Псоми ди зэхуэдэ къаIэныр - жылагъуэм я псэупIэр егъэфIэкIуэныр1щ, властым и Iэнатlэ псоми ди быдзу дапыщIауэ, - жиIащ Егоровэм.

Спикерым дыщIигъуащ парламентархэм лэжьыгъэ щIамыдзэж щIыкIэ зэ зэхуэзэн зэрырихуейр, пенсионерхэр псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэм и бжьыгъэр яубзыхун папщIэ.

ЗэIущIэм и кIэухым, гъатхэ сессием и лэжьыгъэр зэпэщIэкIам и нэщэнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысей Федерацэмрэ я къэрал гимнэр къаргъэуащ.

ШЫПШ Даянэ.

Балли 100 къехь

Мы махуэхэм хэIущIыIу хъуащ курыт школыр къэзыуххэм ята япэ къэрал къэпщытэныгъэхэм къарикIуаэр. Илъэс блэкIахэми хуэдэу, ди гуапэ зэрыхъущи, ЕГЭ-р зыт мыгъэрей ныбжьыщIэхэми къагъэлъагъуэ щIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ зэрабгъэдэлъыр.

Ведерников Денис

НАЛШЫК дэт «ДыгъафIэ къалэ» сабий академием и еджакIуэхэм къахэкIащ Зыуэ щыт къэрал экзаменымкIэ балл лъагэхэр зыIэрызыгъэхьахэр. Апхуэдэщ информатикэмрэ ИКТ-мкIэ балли 100 къэзыхьыфа Ведерников Денис. ЕджапIэм и унафэщI Джаппуевэ Тамарэ зэрыжиIамкIэ, щIалэр ящыщщ академием и гъэсэн нэхъыфIхэм. Ар мызэ-мытIэу жыджэру хэтащ икIи щытекIуащ физикэмкIэ, математикэмрэ информатикэмкIэ екIуэкIа республикэпсо, къэралпсо олимпиадэхэм.

- Къэралым и Президент Путин Владимир ди академием нэгъабэ къыщыкIуам щыгъуэ, Денис абы и пащхьэ ирилъхьауэ щытащ езым и инновацэ проект, - къыхигъэщащ абы. - ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ щIалэщIэм адэкIи пыщIэныгъэ худиIэнущ, зыIэригъэхьэ екIуэлIэныгъэхэм дыкIэлъыплъынущ.

Езы ныбжьыщIэм зэрыжиIамкIэ, абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну и мурадщ Москва дэт къэрал университетым е Санкт-Петербург дэт Инженер-техникэ университетым. Денис нэхъ куууэ хуеджэнущ математикэм, кибернетикэм, программнэ инженерием.

«ДыгъафIэ къалэм» и еджакIуэхэм блэкIа илъэсхэми къахэкIащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэмкIэ щIэныгъэ куу къэзыгъэлъэгъуахэр. Къапщтэмэ, академием и гъэсэнхэм ящыщу балли 100 нэгъабэ къахьащ ныбжьыщIи 7-м. Денис и мыгъэрей екъулIэныгъэр еджапIэм и дежкIэ иужьрейуэ зэрыщымытым шэч хэлъкъым.

ЕГЭ-мкIэ екъулIэныгъэ лъагэ зыIэрызыгъэхьа щIалэщIэми курыт школыр мы гъэм къззыух адрей ныбжьыщIэ псоми дохъуэхъу я мурадхэр кьайхъулIэну, я гугъапIэхэм лъэIэсыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Хъыбар гуапэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым псэупIэу щаухуэм процент 14-м щIигъукIэ хохъуэ

Илъэсыр къызэрихьэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щащIащ псэупIэ метр зэбгъуэзанатIэ мини 146-м щIигъу. Илъэс кIуам и иджы хуэдэ лъэхъэнэм еплъытмэ, ар процент 14-м щIигъукIэ нэхъыбэщ.

РЕСПУБЛИКЭМ Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу псэупIэу метр зэбгъуэзанатIэ 146324-рэ щатащ, илъэс блэкIам и иджы хуэдэ зэманым яхуэзэфIэкIам ебгъапщэмэ, ар процент ти 114,5-рэ мэхъу. А бжьыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэщи, Iэнатlэм зеужь зэман кIэщIым къриубыдэу здынэсын хуейуэ ягъэува мардэхэм къитIасэу икIи зрагъэхъулIэну я мурадхэм щIегъу.

ЩIыналъэм адэкIи щыщIагъэхуабжьэ лъэпкъ проектхэм хьихьэу ирагъэкIуэкI лъжьыгъэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2020 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ шыщхьэуIум (августым) щыщIэдзаэу ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1апIэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 580-рэ кIэпIейкIэ 25-рэщ.

Ди индексыр П 5894

● Щапхъэ

Гупым и унафэщIхэр *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ):* **Дэкъуамэ Константин, Бэвыжь Мухьэмэд, Хьэмыз Сулътан, Къуэн Мухьэмэд, Тегаев Рэмэзан, Хьэмыз Руслан, Бэвыжь Iэмин.**

Адыгагъэр я Iэпэгъуу щIэныгъэ лъагъуэр хэзышхэр

Адыгэу ущытыным къикIыр зауэлI хахуэм и псэ пIутыныр. Щхьэхуитыныгъэм зэрыхуэпабгъэмрэ къарууэ яхэльамрэщ а лъэпкъым гъэзугъэлъагъуэ хуэхъуари и тхыдэр зыгъэнэхуари. Зэман куэд дэкIащ ди лъэпкъым зэрихьа лIыгъэмрэ бгъыбзыкъэ зыхэтамрэ лъандэрэ, ауэ а хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ ноби тIэкIуIэдакъым. Абы и зы Iыхьэ цIыкIуц Москва къала и «Сокол» районым щылажьэ «Радий» щIэныгъэ-производственнэ Iуэхущ1анIэ» АО-р.

ПЩIЭШХУЭ зиIэ ди хэкуэгъу щIалэхэр зэхуэзышэсар зи гугъу тщIы Iуэхущ1анIэм и унафэщI Къуэн Мухьэмэд Iэбубжьыгъэ и къуэр. Ар къыззырымыкIуэущ лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтыр, сыт хуэдэ къалэнми гугъуехьми къэрал бгъэдыхьэкIэ къыхуеIуэтыфыр. Апхуэдэуи Къуэныр зи унафэщI Iуэхущ1анIэм лэжьыгъэу щызэфIахыр мащIэкъым.

Предприятэм и къежьапIэм жыжьэ къыщыщIедзэ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ар яухуэу щытащ Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыщIагъэкIыну. Зауэр ихуа нэужь, ар сыхьэт щыIэпкъралъхьэ завод ящIащ, 1959 гъэм «Эра» заводыщIэ къыщызэIуахащ. Мис абы иужькIэ къэунэхуащ «Радий» акционер обществэр. А Iуэхущ1анIэр Урысей Федерацэм и зыхъумжыныгъэ-промышленнэ комплексым хохьэ икIи лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуауэ радиотехникэ электрон Iэмэпсымэхэр къыщIегъэкI.

Иужь илъэсхэм Iуэхущ1анIэм и лэжьыгъэм хэпщIыкIыу зиужьащ. НобэкIэ абы патент 50 иIэщ, абы хохьэ европэ, япон, США патентхэри. УнафэщIхэм яхузэфIэкIащ иджыпей мардэхэм изагъэ щIэныгъэ-техникэ центр лъэрыхь къызэрагъэпэщыну. Абы щыхьэт тохъуэ Щ1эныгъэхэмкIэ Урысей академием, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ Iуэхущ1анIэхэм, псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Москва къэрал университетым и химие факультетым, нэгъуэщIхэми ядэлэжьэну зэгурыIуэныгъэхэр зэрыращIылIар.

«Радий» щIэныгъэ-производственнэ Iуэхущ1анIэ» АО-р нобэ къалэныщIэхэм зезыпщыт Iэнатlэщ. Иджы ахэр зиужь ихьа вакуум микроэлектроникэм и зэужьыныгъэр ди къэралым и технологие лъабжьэм зы IыхьэфIу хуэвэфынущ икIи Урысейм и промышленнэ, щIэныгъэ, дзэ къарур нэхъри игъэбыдэнущ. А унэтIныныгъэр зи нэIэ щIэтыр физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м и Къэрал саугъэтым щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и лауреат Бэвыжь Мухьэмэд Данил и къуэрщ.

Апхуэдэу проект нэхъ инхэм ящыщ щIыгъэпшэрхэр къыщIэгъэкIыныр. Экологие и лъэныкъуэкIэ шынагъуэншэ технологиехэмкIэ псынщIэу ткIу щIыгъэпшэрхэр къыщыщIагъэкIыну заводыр Ставрополь крайм хыхьэ Невинномысск къалэм щахуэх. А унэтIныныгъэм зезыгъэужьар езы Къуэн Мухьэмэдщ. Технологие проектыр гъэхьэзырыным хэлIыфIыхьащ Хьэмыз Сулътан Хьэжсет и къуэр. Абы папщIэ зыхуеину щIэныгъэ лъабжьэр гъэхьэзырыныр и нэIэ щIэтщ Сулътан и къуэш, химие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием Геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь, лабораторэм и унафэщI Хьэмыз Руслан.

Iуэхущ1анIэм мыхьэнэшхуэ щрат иджырей производствэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэм компьютер технологиер и лъабжьэу, зыуэ щыт хъыбарегъащIэ утыку яIэу зэрыщытыпхъэм. АбыкIэ унафэщIр физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидат, «Радий» Iуэхущ1анIэм и генеральнэ унафэщIым и Iуэхудзэ Бэвыжь Iэмин Данил и къуэрщ. Абы щолажьэ КъБР-м, КъШР-м, Ставрополь крайм, нэгъуэщI хэгъэгухэм кIыкIа щIэныгъэлI ныжьыщIэхэр. Апхуэдэуи ныжьэгъуфIу яIэщ спортым, щэнхабзэ, политикэ, гъуазджэ, хьэрычэт Iуэхум щыщIэрыIуэхэу УФ-м и Правительствэм деж щыIэ Финанс университетым и ректор Есчындар Мирэзиб, УФ-м и цIыхубэ артист Тут Заур, Абхъаз Республикэм ШынагъуэншагъэмкIэ и солетым и секретару щыта Килбэ Мухьэмэд, боксёр цIэрыIуэ Цэю Константин. Iуэхущ1анIэм щекIуэкI зэхуэсхэм щIэх-щIэхыуэ щIыпIагъунущ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием и унафэщIхэмрэ абы хэт академикхэмрэ.

Адыгэр ижь-ижьыж лъандэрэ цIэрыIуэщ хьэщIхуэфIу зэрыщытыныкIэ. А хабзэр хэлъщ Бэвыжь Мухьэмэди. Ар къэзыцIыху дэтхэнэ зыми ещIэ Москва зы адыгэ жьэгу зэрыдэтыр. Абы адыгагъэми, щIэныгъэми, гъащIэми утепсэльыхьу ущызэхэс хъунущ.

Къуэн Мухьэмэд и гумащIагъыр куэдым ялъоIэс, илъэс Iэджэ щIауэ Сабий уэн и дэIэпыкъуэгъуэшхуэщ. Адрейхэм я бзаджэгъэщ хьэл нэхъыщхьэу абы иIэщ цIыхухэм пщIэ зэрахуищIыр, зэрыхьэлэлыр, пэжым, фIым и телъхьэу зэрыщытыр.

БЭВЫЖЬ Аринэ,
УФ-м и Президентым деж щыIэ РАНХиГС академием журналистикэмкIэ и факультетым и 4-нэ курсым щеджэ.

Лэжьыгъэр зэпыуакъым

Бахьсэн районым щыпсэухэр илъэхьафакъым дуней псор зэщIэзыщта уэ зэрыщIалэм и зэранкIэ унэм укъыщIэкI зэрымыхъум. Щ1ыналъэ администрацэм щэнхабзэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iуэхумрэ спортымкIэ и къудамэхэм хъыбар къызэрыдагъащIэмкIэ, ахэр къуажэхэм щыпсэу ныбжьыщIэхэм ядолажьэ интернетым и Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ.

Ныбжьыщ1эхэм чэнджэщхэр ират, я гукъэкIхэр дагьIэ, къаIэт Iуэхуэхэм ехьэлIауэ онлайн-зэIущ1эхэр ирагъэкIуэкI.

Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм къафэмкIэ, сурэт щыныкIэ, макъамэмкIэ видео дерсхэр къызэрагъэпэщ. Библиотекэ Iуэхущ1анIэ нэхъыщхьэм и Iэщ1агъэлIхэм соцсетыр къагъэсэбэпу щIалэгъуалэр яхуэрадзэ зауэм, Хэкум теухуа усэхэм кьеджну, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъуам папщIэ ирагъэкIуэкI, хэкум хуаIэ лъагъуныгъэр къэзыгъэлъагъуэ Iуэхуэхэм кьыхаущ. Волонтёрхэр зэи Iуэхуншэ хъуакъым. Узыфэм зэрызыщ1ахъуиэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу, ахэр жьыджэру хэтащ сабий куэд щапI унагъуэхэмрэ хуэмышIакъэмрэ щадэIэпыкъум, УФ-м и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа Iэ1этыр щекIуэкIыным.

Къуэндзэс спортсменхэмкIэ, щIалэ-щIалэхэмрэ щадэIэпыкъум, УФ-м и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа Iэ1этыр щекIуэкIыным.

Къуэндзэс спортсменхэмкIэ, щIалэ-щIалэхэмрэ щадэIэпыкъум, УФ-м и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа Iэ1этыр щекIуэкIыным.

Администрацэм щэнхабзэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ спортымкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм кьыхагъащ коронавирус уз зэрыщIалэм гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр зэрыхихьхьар, ауэ пIалъэкIэ дызыIууа гугъуехьым щIалэгъуалэр зэрызэкъуигъэувар, дзэзыхьэ Iуэхум зэман нэхъыбэ трагъэкIуэдэф зэрыхъуар.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахьсэн район администрацэм и пресс-Iуэхущ1анIэм и унафэщI.

● Дызыхуэныкъуэ Iэщ1агъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр УхуакIуэ колледжыр

ГъащIэм кьыщысэбэпыну IэщIагъэхэр щызрагъэгъуэт еджапIэ нэхъыфIхэм ящыщ зыщ Къэбэрдей-Балъкъэр «УхуакIуэ» колледжыр. ЕджапIэм щагъэхьэзыр цIыхубэ хозяйствэм и Iэнатlэ куэдыр зыхуэныкъуэ, зэманым къигъэув мардэхэм тещIыхьауэ лэжьэфыну Iэщ1агъэлIхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, автотранспортым, связьымрэ коммуникацэмрэ, псэуалъэ, гъуэгу, аэродром ухуэным, пощтым, финанс Iуэхущ1анIэхэм я лэжьакIуэхэр.

КОЛПЕДЖЫР нобэкIэ efIакIуэ зэпытщ. Абы иIэщ лабораторэр, компьютер классхэр, еджапIэ пэш зыхэт библиотекэ, еджакIуэхэр щыпсэу общежитэ зэгъэпэща, спорт, актовэ залхэр, стадион, узынщагъэм щыкIэлъыплъ пэш, шхапIэ. Республикэр зыхуэмыныкъуэ Iэщ1агъэ яхэткъым колледжым кьыщIигъэкIэхьэ. Ахэр щылэжьэфынущ аэропортым, автотранспортым, ухуэныгъэ комплексхэм, электростанцэхэм, щытыпфынущ гараж унафэщ1хэу, прорабу, бухгалтеру.

Колледжым и зэIуэпэщыгъэри, абы щылажьэ егъэджакIуэхэмрэ щеджэхэмрэ дэрэжэгъуэ яIэнри куэдкIэ елъытащ унафэщIым. Илъэс куэд щIауэ гупым я пашэщ кьыдэлажьэхэми еджапIэм щIэсхэми фIыуэ къалъагъу Сунш Заудин.

● Футбол

Черкесск и «Интер»-р хагъащIэ

Тоткджэгум дихьэхэр хуабжу хуэзэщащ фыIэ яльагъу командэхэм я зэуIущIэхэм. Абыхэм щадзэжыным и зы нэщэнэщ гъубж кIуам Железноводск къалэм щыIар. «Спартак-Налшыкымрэ» Черкесск и «Интер»-мрэ къапщытэжащ мыгувэу зэхаублэжыну Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2020 - 2021 гъэхэм я зэхьэзэхуэм зэрыхуэхьэзырыр .

НэгъуэщI щIыпIэхэм зыкъыщIэзыгъэльагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ футболист зыбжанэ зришэлIэжу зэхъуэкIыныгъэфIэхэр иужь махуэхэм кьыщыхъуа «Спартак-Налшыкым» щыджэгухэм я гукъыдэжыр зэрыиныр мы зэIуцIэм къыщагъэльагъуащ. Ялэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ абыхэм тепщэныгъэр яутIыпщ1ащым икIи Черкесск и «Интер»-м щхьэхъэIэтыпIэ ирата-къым.

Джэгум и ялэ сыхьэт ныкъуэм я хьэрхуэрэгъуэхэм иджыри зыгуэрурэ захъумэжьыфамэ, налшыкдэсхэм яебгъэрыкIуэныгъэхэм ахэр адэкIэ пэльэщхьаем. 31-нэ дакъикъэм бжыгъэр кьызэIуихащ къэзыгъэзэжахэм ящыщ Гугуев Магомед. Мыгувэу ар игъэбгъэщащ жьыжьэу щIыту дахэу топ дзэзыгъэкIа Iэпщащэ Марат. КIэух бжыгъэр зэфIигъэуващ джэгум и етIуанэ Iыхьэм губгъуэм кьихьа, 2019 - 2020 гъэхэм щыIа зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкым» и Iуащхьауэ нэхъыфIу зыкъэзыгъэльэгъуа Бацэ Къантемыр. Пащты Руслан кьыхита топыр абы Iэзэу щхьэкIэ дигъэкIащ.

Ди командэм хэту Черкесск и «Интер»-м зэныбжьэгъугъэ зэIуцIэ бадзэуэгъуэм и 14-м драгъэкIуэкIащ Антиновым (Къардэным, 46), Сындыкум (Уэрэзэйм, 60), Шававеым (Миндадзэ, 70), Шумахуэм, КIэдыкIуейм, Дзэхум (Клышэ, 46), Iэпщацэм (Дыщэкым, 60), Пащтым (Торосян, 65), Хьэшырым (Бахьсэнокъуэм, 70), Ашум (ХьутIэм, 46), Гугуевым (Бацэм, 46).

Хьыбар къызэрытIэрыхьамкIэ, Машэжь Ратмир «Спартак-Налшыкым» хэкIыжащ. Ди командэм хэту зэIуцIэ 57-рэ езыгъэкIуэкIа гъащхьэхъуэмэныкъуэр иджы щыджэгунущ Новороссийск и «Черноморец»-м.

КьищынэмыщIауэ, налшыкдэсхэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэм пащэкъым Запалацкий Сергей, Бунаков Даниил, Апажэ Чэрим, Iэщ1ын Аслъэн, Стригэ Артём сымэ. И Iуэхур зэкIэ зэхэкIыпакъым Белоусов Никити.

Тхьэмахуит-щы дэкIмэ щIадзэжьну зыхуагъэфащэ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 20120 - 2021 гъэхэм я зэхьэзэхуэм «Спартак-Налшыкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм адэкIи зыщыхуигъэхьэзырынущ. Хьэрхуэрэгъуэхэр игъэтIащ, зэныбжьэгъугъэ зэIуцIэхэри иригъэкIуэкIынущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Iэпщэрызауэ зэхэт

Убых щIыналъэм къыщыхожанымкIэхэр

Блыщхьэ кIуам Сочэ къалэм щекIуэкIащ ММА-м хьыхь «Absolute Championship Akhmat»-м (ACA) Iэпщэрызауэ зэхэтымкIэ зэпеуэ зэхуэщIа. Коронавирус уз зэрыщIалэр ГъатхэмкIэ къызэрежьэрэ ар абы и ялэ зэхьэзэхуэт. Къэбэрдей-Балъкъэрым икIасэу Хьэщлакъ Елдарэр Туменов Бибертрэ убых щIыналъэм дыщэ медалхэр къэрашащ.

COVID-19-м зыщ1ахъумэн папщIэ зэпеуэхэр екIуэкIащ санитар хабзэ псори ягъэзащIэу икIи цIыхухэр еплъыну къримыхьлIэу. Абы щхьэкIэ ар нэхъ кIащхъэ хуэакъым. ЗэпэщIэуа зэхьэрхуэрэгъу тIощIри зыщIэхъуэпсыр ялэ уеблIэм и закъуэт икIи зэпэщIэтыныгъэхэр а Iуэхум гуащIэ ищIащ.

Зэпеуэ нэхъыщхьэхэм хэта Туменов Биберт кIэух зэIуцIэм и кIыхьагъкIэ щхьэкъэIэтыпIэ иритакъым курыт псынщIагъ зиIэ спортсменхэм я деж къыщыпэщIэта Новокузнецк щыщ Матмуратов Александр. «Fight Nights Global» лIэужьыгъуэмкIэ ар вице-чемпионт. АрщхьэкIэ ди лъахэгъуэ нэхъ лъэщащ икIи судьяхэм здэарэзыуэ текIуэныгъэр хуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIам.

Апхуэдэ дыдэ екъуIэныгъэшхуэ зыIэригъэхьащ Хьэщлакъ Елдари. Белгород къикIа Чернов Александр бжьыпэр иубыдыну ди щIалэм зы гуръи кьыхуигъэнакъым.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 18, *щIэбэт*

♦УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и органхэм мафIэсым пщIэтыныкIэ я Iэнатlэм пэрытхэм я махуэщ

♦Манделэ Нельсон и дунейпсо махуэщ. 1918 гъэм къалъхуащ цIыхум и хуитныгъэхэр яхуэзэпамыдыным и бэнакIуэ лъэщ, ЮАР-м и президенту щыта, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща Манделэ Нельсон.

♦Испанием щагъэльапIэ Лэжьыгъэм и махуэр

♦64-нэ гъэм Рим къалэм (Италие) мафIэсыщхъуэ кьыщыхьуат. Зэрыкъалэу исауэ жьлIэ хьынут абы - щыIэ 14-м ящыщу къэнар 4 кьудейт.

♦1898 гъэм къызэрагъэпэщащ Испанием баскхэм я «Атлетик Бильбао» футбол командэр.

♦1932 гъэм Тыркур Лъэпкъэм я Лигэм хагъэхьащ.

♦1941 гъэм Кьардэн Къубатий япэ фашист кхъухьлъатэр кьриудыхащ.

♦1944 гъэм СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и къэрал комитетым унафэ кьыщIащ Донбассым и фIамыщI къыщIэхыпIэхэр зэфIэгъэувэжыным теуухуэу.

♦1985 гъэм урысей программист Пажитнов Алексей зэпкърилъхьащ дунейм щынэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ хъуэуэ щыта «Тетрис» зэпыджэгу Iэмэпсымэр.

♦Адыгэ джэгуакIуэ **Мыжей Сэхьид** къызэралъхурэ илъэси 171-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, политик, 1957 – 1985 гъэхэм СССР-м нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министру, 1985 - 1988 гъэхэм Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу щыта **Громыко Андрей** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, литературоведи, искусствоведи **КIурашын БетIал** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыIакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Мазурок Юрий** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, тхакIуэ, режиссёр, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэр зрата **Евтушенкэ Евгений** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей оперэр уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, жьылагъуэ лэжьакIуэ, саугъэт зэмылIэужьыгъуэ куэд, зыхуагъэфэща **Казарновская Любовь** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта, УФ-м и Президентым и дэIэпыкъуэгъу **Мединский Владимир** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытимкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 19, *тхьэмахуэ*

♦ГъущIгъавэм и махуэщ

♦Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и министерствэм и юридическэ IэнатIэм и махуэщ

♦Японием и цIыхубэ министрхэм я махуэщ

♦Тыркумэным щагъэльапIэ Гъавэм и махуэр

♦1900 гъэм Франджым и къалащхьэ Париж метром лэжьэн щыщIидзащ.

♦1903 гъэм лъакъуэрыгъажэмкIэ ялэ дунейпсо зэпеуэр екIуэкIащ.

♦1918 гъэм РСФСР-м кьару щигъэтащ япэ совет Конституцэм.

♦1920 гъэм Урысейм кьыщызэрагъэпэщащ къэралым щIэныгъэншагъэр щыгъэкIуэдыным пыщIа Iуэхуэхэр зэкIэлъыгъэкIуэну комиссэ.

♦1924 гъэм къыдэкIащ «Красный спорт» (иджы - «Советский спорт») газетым и япэ номерыр.

♦1926 гъэм Екатеринослав къалэм и цIэр Днепропетровск жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦1941 гъэм Сталин Иосиф СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и наркому ягъэуващ.

♦1942 гъэм Кьардэн Кьубатий Березовскэ щIыналъэм фашист кхъухьлъатитI кьыщриудыхащ.

♦1952 гъэм Финландиеи и президент Паасикиви Юхо Хельсинки къыщызэIуихащ XV гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Совет Союзым щыщ спортсменхэр япэу зыхэтар аращ.

♦1980 гъэм Москва щыщIидзащ XXII гъэмахуэ Олимп Джэгухэм. СССР-м и командэ кьыхэхам абы къыщыхьауэ щытащ медали 195-рэ. Советыдзэхэр Афганистаным зэрырашар хабзэншагъэу къызэралытэр кьрырагъэльагъуэу, Олимпиадэм кьэкIуэтэкъым хэкIуэт 50-м щIигъум я спортсменхэр.

♦1996 гъэм Атлантэ (США) къыщызэIуахащ XXVI гъэмахуэ Олимпиадэр. Спортсмен нэхъыбэ дыдэ зыхэтар а зэхьэзэхуэхэрщ - цIыху 10744-рэ.

♦БэзщIэныгъэлI, СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и академием и академик, Нэгумэ Шорэ и Iэдакъэщ1кIхэр зыдэжа **Мещанинов Иван** къызэралъхурэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦ХХ лIэщIыгъуэм и усакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэхэм хабжэу щыта **Маяковский Владимир** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, режиссёр, сценарийхэр зытх, УФ-м и цIыхубэ артист, «Хэкум и пащхьэм щIиэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и IV, III нагъыщэхэр Лъэпкъэхэм я зэныбжьэгъугъэ орденыр зрата **Ширвиндт Александр** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артист, режиссёр, тхакIуэ **Ливанов Василий** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыIакIуэ, актёр, кинорежиссёр, Куржым и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Кикабидзе Вахтанг** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Украинэм щыщ боксёр цIэрыIуэ, дунейпсо зэпеуэхэм мызэ-мытIэу щытекIуэ, Киев къалэм и Iэтащхьэ **Кличко Виталий** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытимкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 30, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 20, *блыщхьэ*

♦Шахматхэм я дунейпсо махуэщ. 1966 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ, 1924 гъэм а махуэ дыдэм Париж Дунейпсо шахмат федерацэр (ФИДЕ) къызэрыщызэрагъэпэщам тращIыхьауэ.

♦Тортым и дунейпсо махуэщ

♦Къыргызстэм и Лъэпкъ гвардием и махуэщ

♦Японием щагъэльапIэ тенджызым и махуэр

♦Колумбием и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ. 1810 гъэм Богота къалэм щыхуэхэр къыщызэрыIэтащ, Испанием кьыгуэкIыу къэрал щхьэхуит хъуныр кьагъэувэ.

♦1534 гъэм Кембридж къалэм (Инджылыз) дунейм щыяпэу къыщызэIуахащ тхэлъ къыщыдагъэкI Iуэхущ1анIэ.

♦1561 гъэм Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ чыристан диныр кьрагъэщтащ, Марие цIэри фIащащ.

♦1917 гъэм ятхащ BMW автомобиль маркэр.

♦1941 гъэм СССР-м Къэрал шынагъэншагъэмкIэ и цIыхубэ комиссариатымрэ Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ цIыхубэ комиссариатымрэ (НКГБ-мрэ НКВД-мрэ) зэгуагъэхьэжри, Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ наркомат къызэрагъэпэщащ.

♦1944 гъэм Гитлер Адольф яукIыну хэтащ. Германием и нацист правительствэр традзыну, къэралым зэхуэкIынныгъэхэр щрагъэкIуэкIыну зэгурыIуат вермахтым и генерал гуп, ауэ ар къэйхъулIакъым икIи Гитлер щэхуу ебэн генералхэри абыхэм къаухъэта куэди яукIауэ щытащ.

♦1960 гъэм дунейпсо тхыдэм щыяпэу правительствэм и унафэщIу цIыхубэ хахащ. Ар Шри-Ланкам щыщ Бандараныке Сириманвэт.

♦1966 гъэм КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я советымрэ унафэ кьащтащ Волжскэ автомобиль заводыр Тольятти къалэм щыхуэзным теухуауэ.

♦1969 гъэм США-м и «Аполлон-11» кхъухьыр япэ дыдэ Маззм тетIысхьащ.

♦1990 гъэм Осетие Ицхъэрэ автоном республикэм и Совет Нэхъыщхьэм къыщIатэ и къэрал суверенитетым теухуа унафэ икIи я къащхьэ Орджоникидзе нэхъапэм зэрреджэу щыта Владикавказ цIэр иритыжащ.

♦Совет режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист, «Семнадцать мгновений весны» фильм цIэрыIуэри нэгъуэщI куэди тезыха **Лиозновэ Татьянэ** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, режиссёр, уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Ануфриев Олег** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Къэрал, парт лэжьакIуэ, политик **Къущхьэ Гъумар** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, егъэджакIуэ, философие щIэныгъэм я доктор, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат **Хъурей Феликс** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Сабий усакIуэ **АфIэунэ Лиуан** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, драматург, АР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгейм и цIыхубэ тхакIуэ **Къуиикъуэ Налбий** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ кхъухьлъатэзехуэ-къэхутакIуэ, полковник, профессор **Попович Маринэ** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Чурсина Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат, Кубанми АР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, РАЕН-м, Нью-Йорк академием хэт **ТIрахъуэ Энвер** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист цIэрыIуэ, гъэсакIуэ, Олимп Джэгухэм дыжьын, домбеякъ медалхэр къыщызыхьа, дунеймрэ Европэмрэ я чемпион **Жулин Александр** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытимкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 32-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Щхьэхынэм и махуэ кIыхьщ.

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ

Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

(КІэлъыкІуэр.
Пэщіэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 57, 62, 65 - 68, 70 - 72, 74, 77, 79, 81- 83-хэм итщ).

- Куэдыщэрэ дыгупсысащ. ПІалъэу щыІэри икІащ, ауэ апхэздизу къэбзэрдейхэм а пІалъэм щытебгъэчыныхькІэ... дыныфпэпльэнщ. Зи дахагъэм нурыр кьышъхьэщих хъанГуащэ Алсу къыфІэвдыгъуэ Налмэз уиэлутыр къыптуебгъэшэжмэз, иджыри мазуитІ ныфхутетлъхьэжьинщ.

- Гурыіуэгъуэщ, хъан.

- ФытІыгъыжкъым дэри. Къэбард жьыхэпІа фи уэркъ щІалэри анэмэту къытхуэвгъэнэнщ. Мыбдеж щыфлъэгуэр а фыкъытхуэзыгъэкІуам щывмыбзыщІ: си дзэр зэрыщыджащэр, си топ пэщхьынхэр щэрыуэу зэрыфстрегъэшэн, си зауэлІхэр зэрынэкІущхьэплІыр, зауэ Іэжьэкъуэр зэрысфІрачыр! - Къэплъэн-Джэрий щхьэжьнафэу УрахкъыхуопсэлъэкІри, зи гугъу ищІхэр и щхьэ иримыпІэщ щыкІэу:

- ЩІэфшыжьыт мыхэр...

XXXIV

ФОКІАДЭ пщэдджьжь пшагъуэбэм къыхэкІуэтурэ Ашабэ Мишакъэрэ Мамсыр Нэкъаррэ Уафэбгыкъу и ищхьэрэ пІьапІэм щыхьэрт.

Дэнэкіэ УпІъэми, шэхуэв щхъуафэтэри, къуршыщхьэ папцІэхэр зыщІэтысыкІ пшагъуэ пІьапІэм къущхьэхъуущІыр жейбащхъуэуэ есырт.

- Пщэдджьжьыпэ пшагъуэр махуэ уэфІ нэщэнэщ, - зи гугъу ищІым ещхьу, зэхэуфа макъкІэ къопсалъэ Мамсыр Нэкъар.

- Сыт хуэдэ уэфІ лІэужьыгъуэт нэхъ узыщыгугъыр, жаней?

- Сыт хуэдэ. Ди лыкІуэхэм къыздахьынри абы къыхэтІыжу.

- Хьыбарыфі кІэ уапоплъэ?

- Сыт хуэдэ хьыбарри - мыхьэнэ гуэр зиІзщ, Ашабэ.

- Дэтхэнэ мыхьэнэми, Нэкъар, и пІалъэ иІэжщ...

ЛІитРІи щым гупсысалэт. ТІури зэпэщхьэхуэу тегуэзвэыхьырт лЫкІуэхэм щыщ узлиИм къыхэхьыжа жэуапым. ТІури щыгъуазэтэкъым ЛІыгъур кЫрым хъаным къыпигъэтІылъахэм. Миншакъ гуаузщхьэуэт: и гур Мамсыраы хуэзІуихыну хъуапсэрэ тет, зишыІэрт. ЗэуалІэ губгъуэм мывэри и хашэщ. Апхуэдэм дежи зигу зезыгъэІэжьэуэрэ, зи жьэ зыхуэубыдыр ІІы бэшэчщ. Ашабэм хуэдэт-тІэ ар зымышэчыр!

Нэкъарщи, игу ущІацэ, псэ къабзэщ. ИбзыщІи иІэхэхэсым. Зауэр мыхъуатэмэ, и насыплр изт, и дахэр ист.

- Уэмыр зэщІиуду, моуэ зы жьапщэфІи къызэрыкъуэмыу? Мы пшагъуэ псыІэр псыхъуэ къуэжІий пшагумкІэ ирихухьжьинут, - жиІэурэ Нэкъар зеплъэхь. АрщхьакІэ жыгъэ зэрызэ-хэтщ, зы пщІащэ япымыхьаеу. Бжьыхьэ дыгъэ хъарууншэр къыщыкъуэпІьынум заудыгъуауэ щІодэІу жыгъэр.

- Мыпхуэдэ пшагъуэ Іувым къыщІэпІъэжьыну махуэм, мыдыгъэпсу щытми, нэху псыпсу зыкъыпщигъэхъунщ, - подыхьэшхькІ Миншакъ.

Нэкъари и шугъуэсэм нэгу зэІуахуэу хупогуфыкІри:

- Зыигъэ гугъу уехьу уобзыщІ, Миншакъ... Зы жьыжьэ гуэрым къыхсухопсэлъыкІ, мыбдеж ущыІэкъым.

- Согузавэ, Нэкъар. Си щхьэм зы псалъэ къимыхьэу арщ.

- Сыщыабрэджьим згъэунэхуащ а зи гугъу пщІыр. ПщІэрт зэрызытезгъэуэкьыр? Адыгэ псалъэжь, псалъэ щэрыуэ, нэщэнэхэмкІэ... Мыдэ: «Пщыхьэщхьэ пшэпІым махуэлІ уэфІщІи, пшэдджьжьэ пшэкІэпІьыр махуибІ уэлбанэщ». Уэри къызжеІэт апхуэдэ гуэр...

- УэфІыр уэлбанэм и гъэщІагъуэкъым.

- Жэп къемыхауэ зэх къесыркъым.

- ЩыІпэ махуэ къэс уэркъым.

- МафІэ зэрызэщІагъэстыр мафІэщ.

- МафІэм псыр къегъавори, псывэм мафІэр егъэужьых.

- МафІэсым псы зэхэгъэж ищІыркъым.

- МафІэпсэм дэп щІэлъщ.

- А дэпыр яжьэ сахуэу ІуІощащыж... Уэ сэ слъагъур нэщэнэкІэ уІэзэ гуэрщ, Миншакъ! Сэ къызгурымыІуэр: пшагъуэр щэхущ, махуэр нэхущ, жэщыр кІыфІщ, уафэ мамырым гъуагъуэ къыхохьэ - ахэр псори уафэ зхьэкъщ. Къызгурымыуэр щІыхуэрщ - я бзэр зырызщ, ягуэрэр зырызщ, зыр гумащІэщ, адрейр гу бзаджэщ...

- Дунейр езыр апхуэдэкъэ? Пшагъуэхэри, махуэхэри, жэщхэри зэхуэдэкъым, зэщхькъым.

Нэкъар пІащІэу Ашабэм пэроуэ:

- ЦІыхуэм, Миншакъ, акъыл бгъэдэлъщ. Абы шыІэныгъи гущІэгъуи щыхуэйм деж къызэрыкъуэхынут. ЦІыхур мэгупсысэ, мэпсалъэ. Бзэ къыщІыІурилъхьар ириизгурыІуэн папщІэщ, зыр зым егуэуэжьн щхьэкІэкъым.

- ЦІыхуэхэри зэхуэдэкъым, Нэкъар. Дэ тІури дахэтыжу, зэхуэдэкъым... ИтІани, щхьэ гуапэхэр нэхъыбэщ. Ахэращ мы дунейр щІэзыпсэуфІ. Ахэращ Іейр зыпэмыльэщыр.

- Сэри апхуэдэу согупсыс. Іейр щытепщэ дунейр щІэх дыдэ мэкъутэж. Дэ къыттекъутэр Іуэхут? Ди бынхэр...

Нэкъар жиІэм здыщІэдэІум, Миншакъ и гур Налмэсрэ Мэремрэ дежкІэ іокІуэсэкІыж. А тІум я хьэгъэуІолІыгъуэри - Налмэс и щыгъуэ пІалъэщ... Пщащэр иджы Ашабэм и унагъуэ исщ. Мэмыху дапхуэдизу химыГъэзэхьами, емыущиями, Налмэс адэ-анэм яхуэщыгъуэну иукъуэдийри, яхутечакъым. Мэрем игу щІогъу езы Миншакъи... ЦІыхуэм Іэджв кърахьэкІ: Налмэс и пащащэ къабзагъэм хуопсалъэ, я ныкъм хъаным и хьэрэмым хъыджэбзыр зэрыщІэсам шэч иращІэкІыжу ирохъуащэ. Дэтхэнэм и жьэр вакъэнжейкІэ щыбдэжьн? Жэбагъы и жьІэкІэу: - Псэжьым уфІэпсэжьщ». Миншакъ а псом иробампІэ, гупсысэ мыщхьэпэр зэуэ зыкІэрэдзыжри:

- Сурэтрэ ХьэтІатІрэ дауэрэ псэурэ, Нэкъар?

- Дауэрэ псэун?.. Адрейхэми ещхьу... - Мамсыр гуапэ щыхъуат Ашабэр езым и унагъуэм къыхэрыщІэупщІар. - Си щыкъу адэ ІэубыдыпІэнэщэр жаней шу гуп щІыгъуу Къэбэрдейм щыІэу зэхэсхащ. Ахэри ди дзэм къыхьыхьауэ жаІэ. Мы пшагъуэр зэ щхьэщыкІмэ, сыкІуэщІрыкІынщи, сыщІэупщІэнщ, езыр хамэхэм я деж къыщыщІэмыупщІэ щыкІэ. Сурэти хъарзынэщ. Унэгуащэщ.

- УнэгуащэфІри фІы бзаджэщ, ауэ гущэ фхуэтщІыну иджы и чэзукъэ?

Нэкъар кърата упщІэр зэхимыхьажифэ зытрегъэуэри, шхуэмыпакІэр зэригъэзакъэ хуэдэу зещІ. Ашабэри щІалэр зэрыукІытам хупыгуфыкІыуэр:

- Алыхьым и фІым фыхимыныну сольэІу. Насып защІэ фыхьу!

ШІууитІыр иджы щым хъужауэ кІуэрт. Пшагъуэри а зэрыІуву къащхьэщылтъ. А пшагъуэм нехьэкъэхуэу уэф хьэлъэт Мамсыриы и гупсысэ кІэтхыр. Ашабэр зэрыпсалъэнщэм дэпІейтейуэ Нэкъар:

- Си гур, Миншакъ, абрэдж Іыхьэм мэгъу дзхъуащ. Къэрмэкъэрэ дзэр дяку илъыр абыхэм деубзэкІэ тщхьэщыкІыжьыну гуаузэжм ящыщкъым. КъызгурыІуэркъым ХьэтІохъущощхъуэнщым хъаным хуищІа ІлыкІуэ лІэужьыгъуэр. Апхуэдэм уекІуж хъурэ-тІэ? Зауэмэ - зауэщ! Сыт би щхьэр кърымхэм дежі щІыщыдгъэпудын хуейр?! Хьэуэ... пщы уэлийм лЫкІуэ щІахуищІам зыгуэр хэлъщ нэхъ бзыщІауэ... Си псэм ар ещІэ. Си псэр зэи къапцІэркъым, Миншакъ.

- БзыщІа псори зэгуэр нахуэ мэхъуж. Апхуэдэщ дызытет мы дунейр. ТлъагъункъэІ... - Миншакъ зыщыгъуазэ псор иджыпсту иІуэтэну хъеэзгъыртэкъым. Жаней щІалэр зэрыжьэнахуэр, зэрыпсэкъабзэр игу дыхьа пэтми, Ашабэм псалъэмакъыр лъэныкъуэкІэ иришэкІмэ нэхъ къиштащ.

- Мыдэ зы хъыбарыжь укъэзгъэдэІуэнщ, нахуэ хьужа щэхум теухуауэ...

Къэд дыдэ щІащ, Нэкъар, ар къызэрыхьурэ. Адыгэхэм жыІэгъуэ гуэр къадокІуэкІ: «Жьыджалэ хашэмэ...» Зэхэпхагъэнщ. ГъащІэм къыщыхъуащ, къагупсысакъым а хьыбарыр.

... ЗэныбжьэгъуитІ псэурт. Языхэзым и фызым етІуанэр екъуэпсэжащ. Фызыр зейм нэгъуэщІ ІэмалкІэ къытрихыну, жьлэм нэлат къраз нэхърэ, Іуэхур щэхуу зэфІигъэкІмэ, нэхъ къабыл ещІ лІы іуэхупсам: гъуэгуанэ зэдзытету иукІыжьнщи, лъэгужьри щэхуу кІуэдыкьынщ. Я Іуэху хуэкІуэри, гъуэгу зэдзытехащ зэныбжьэгъуитІыр. Бэлэрыгъэуэ къыбГъурт лІым зытриишэщІащ мурад егъуэ зыщІам. ИукІыну къамэр щхьэщыщызыхьа и ныбжьэгъуэм фызыр зейр къыхуздэплъейри: «Сыхейщ, къыпхуэгъэунукъым», - щыжиІэм, лЫукІыр дыхьэшхащ:

- Хэт сиІуэтэжьн, мо жьыджалэр мыхашэмэ...

Фызэбэу къэнар, зэмани дакІыжажуэ, къыпІьыхуэ лЫукІым щыІэ.

Зы махуэ гъэрым лІыри унэм ису, унэгуащэри жьэгум щыпэщащэрэ пэт, бжэ Іухар жьым къызэІуедзыпэри, жьыджалэ къуэпсыр джэрзэу жыхафэгум къытрехьэ. ЛІыр удзым йоплъри, гурымыхьу подыхьэшхькІ.

- ХьэжьмыІэт, кхьІэ, Миншакъ... СыІуумыгъапІъэ адыгэ гущхьэм и гуэрэфЫмэ щынэпІэм. СекІужьнт-тІэ сэ абыхэм?! ХьыІы!..

- Мамсыр, зэхэпхакъэ Къэзанокъуэм жиІэр? «ЯщІэ псори яІуатэркъыми, жаІэ псори ялэжьыркъым...»

- Сыту фІыт, ярэби! Нэхъыбэ къызжъмыІэми, си гум жьы дебгъэхужащи, сыпхуэзарэзыщ. Зэхэсхакъым зыри...

Нэкъар а «зэхимыхар» гурыІуэгъуэу кьриІуэкІыж нэхъеІ, Уафэбгыкъу ЛъапІэ зэуэзэпсэу кЫрымхэм я зы топ къыщогъуагъуэ. А гъуэгуанэ къурш джэрпджэжхэм зэпжьыуэурэ мэзыщхьэхэм щхьэдажьэх.

- Зэхэпхрэ? Дагъэшынэну топ тхуагъауэ, - погуфыкІ Нэкъар.

- ЩыблэрэмауэрэсыТ-тІэ иджы?

- Ахэр здэтІысар щыблэ уапІэ дыдэщ езыр, - Іурыуфлыщыкіауэ мэдыьхьэшх жанейр.

XXXV

ФОКІАДЭМ и фІыгъуэ дыдэщ. Къущхьэхъу хъуныр иджыри а зэрыщхьэантІэ уэрщ. ІэгупІэ хэчыхьэурэ щІэужьыкІащ губгъу джэдгыныр, гъуатІэ-щхъуафэу зыззтрауэ, щІэужьыкІащ фоукухэм. Дыгъэ нэпс ткІуаткІуэм зыщысымыгъэнщІа шэдздзыдыжьм иджыри щхъухъ зэхуеихьэс. Гъэм и махуэ кІыхьхэм тІыгГъэжьурэ ягъэфІа шэмэджгъэдыргъыр хущхъуэ къуэпсгъэмпэу гъупщІащ.

Мэзылъэ къуршхэм я пльыфэбгрэ къущхьэхъу жьантІэм къыдэлъщи, жьыбгрэ лъэкъуапцІэрыхьым хэпщІыпщІуэ доджэгу. Зи щІалэ делэгур зэи имыкІ жьыбгрэ уджым иджыри хупогуфыкІ уэгу джащІэ купраузым шэджагъуакІуэ щызышщІдзыгъэ дахэшхэр.

Къапльэн-Джэрий дэнэкІэ зимыгъаэмэи, зыІуплъэ мамыр щэджащэр и псэм абрэмывэу къыпохьэпсэри, зыздикьынур имыщІэу уафэм доплъей. Мы лъагапІэм щыщитІысхьа махуэ лъандэрэ кЫрым хъанымрэ Уафэбгыкъуэрэ ажалыфэ набжьэу зыззэпщІэкъуат. Къапльэн-Джэрий Іэмал зэриІэкІ Іуымыплъэну хэтщ бгыжьым и бжьэпэ натІэм. Хъаным зэм и шыпхэр УафэбгыкъуэкІ гъэзауэ мэув, зэми нэрэ псэкІи бгым зыпыІуэдз, итІани, ар къызэрыуеплъыкъ нэрыщхьэр зыхимышІуэу дакъыкъэ блэкІыркъым. Хъаным хуэдэ шу минищхэр зи нэгу щІэлъ езы бгыжьым къыфІэІуэхуэхэкъым зэдзвыпнёрэ зэхэвззэкэжьэ шухэр, мэскъал хищыкІыркъым кЫрымхэм я хъаныр къыззеребийм! Уафэбгыкъуэ ар... И къалэнир - уафэм уардзу кІэщІэтынырщ. Адрейуэ мы лъахэм сыт щызымыкІуэми, ар езы Уафэм зэригъэзэхуэнщ. Псоми щхьэж и лъагъуэ иІэжщ, Езырщи, гъаджэь сыну, Уафэбгыкъуэщ. Гъадэ къутхуэзщ...

... Къэзыкъэрейхь дахагъэм хуэнабгъэщ, зи куцыр бампІэм ишх лІы тхъуэпльышхуэм нобэ гуэрыр и махуэтэкъым. Сыт апхуэдизу хъаным иджы къеныкъуэкъуэр? «Зыгуэр щыщІыщ мы адыгэхэм я екІуэжыпщІэ Іэхуум... Зауэм дыкъыхуэкІуащ. Си зауэлІхэр игъэшІ щхьэзыр щІэтызэІыгъэ... Сыт-тІэ иджы къызыкъуадыжу лЫкІуэ кІэлъэф гъэфІ щызэфІигъэкІащ, нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэзэ жэрдэм къуэдым я зэхэублакІуэу, унэтІакІуэу щытащ. Апхуэдэуи КЪР-м и Жылагъуэ палатэм и нэхъыжьхэм я советым илъэс зыбжанэкІэ хэтати, абыи къыщигъэлъагъуащ ар гъащІэм кууэ пхыплтьыф цІыху Іущу зэрыщытыр.

И къару, и зэман емыблэжу цІыхубэм яхуэлажьа ЖьэкІэмыхьэу Борис къэралым гулъытэнэщ ищІакъым - абы дамыгъэ лъапІэ куэд, къыхуагъэфащащ. Абыхэм ящыщщ СССР-м ЦІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныжкІэ и министерствэм, Егъэджэныгъэ ІэнатІэм, апхуэдизу УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныжкІэ и отличник, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэныжкІэ щІыхь зиІз и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэхэр къыфІащащ.

И мыхьэнэжкІэ къыпхуэмылъытэныи хуэдизу ин Іуэхущхэ яхуилэжьащ Борис къызыхэкІахэм - ЖьэкІэмыхьэхэ я тхыдэр щыІэзэхуэхьэсыжа, лъэпкъым щыщхэм я ІуэхущІафэхэм ятеухуа тхылъ хъарзынэ къыдигъэкІащ нэгъабэ. Ари Борис и фэеплъу къаухэнащ.

Унагъуэ дахи иІащ Борис. Абыра и щхьэгъусэ Лилэрэ бын хъарзынэ ягъэсащ. ЩІалитІрэ зыпхъурэ здагъэуэтащи, посми щІэныгъэфІ яІэу, зыхэтхэм фІыкІэ къахэщу мэпсэу.

ГубзыгъагъэкІ къызыхихьын псэльэгъу, чэнджэщагъэ дэтхэнэми хуэхъуфщІыхуэ зэпІэзэрыт яфІэкІуэдащ лъэпкъми, къуажэми, цІыбгъэми. «ЦІыхуу дахэу, щабэу дунейм тетащ, куэдым яхуэщъхьэпащ. Дыхуэарэзыщ, Алыхьыр арэзы къыхухьу», - апхуэдэ псалъэхэрщ абы хужаІар иужьрей гъуэгуанэ трагъуэвэжьну и пщІантІэм дыхьа цІыхуищхэми ар дунейм зэррехьжар зэхэзыхахэми. Апхуэдэу ар зигу кьынэнур и Іыхьлыхэм, и къуажэгъуэм я закъуэкъым, атІэ къыщІэлэжьа, иригъэджа, мащІэ-куэдми зыгуэркІэ къыпыщІауэ щыта дэтхэнэми фІыкІэщ ЖьэкІэмыхьу Борис и цІэр кьыззэрыратІэуэнур. ЖэнэткІэ Тхьэм игъэгуфІэ.

КЪР-м ЦІыхуэхэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Кэнжэ къуэжьэм и администрацэм, Щэнхабзэмкіэ унэм, курыт школ №20-м я лэжьакІуэхэр.

ЖьэкІэмыхъу Борис Хьэбыж и къуэр

Бадзэуэгъуэм и 13-м кэнжэдзсхэм хьыбар гуауэ къахэІуащ - а махуэм дунейм ехьжащ щІэблэр егъэджэным, гъэсэным зи гъащІэр щхьэзыхь хуэзыщІа нэхъыжьыфІ ЖьэкІэмыхьэу Борис Хьэбыж и къуэр. ЦІыхугъэ мардэ жьыхуэІэм кІыубыдым зы лъэбакъуэкІи емыбэкъуа, и адэ-анэ ІумахуэхэУ Хьэбыжрэ Сарихьанрэ ирагъэпсэгъуэ щалъхьэм къыпызыща цІыху дахэт Борис.

ЖьэкІэмыхьу Б. Хь. 1938 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Жьылэм дэт курыт школыр 1956 гъэм къиухри, Борис щІэтІысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым романо-германскэ филологиемкІэ и факультетым. Щытхъу зиІэ студентхэм хабжэу еджапІэ нэхъыщхьэхэр 1961 гъэм къиухащ абы икІи гурэ псэкІэ къыхиха Іэщ Іагъэм ар ирилэжьащ илъэс 54-кІэ. А зэманым къуриубыдэу ЖьэкІэмыхьэр ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм пэрытащ.

1961 - 1978 гъэхэм адыгэ щІалэр Кэнжэ дэт курыт школым щылэжьащ нэмыцІэбзэмкІэ егъэджакІуэу, Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым егъэджэныгъэгъэсэныгъэ Іуэхущхэмкіэ и я ГъэсныгъэфІ зиІэ, хэлъэт зыдалъагъу щІалэр абы ираШри, Налшык къалэм и Ленинскэ районым методисту, методическмкІэ кабинетым и унафэщІу яшащ, иужькІэ егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьэ институтым щылэжьащ, илъэсийкІэ и унафэщІу щытащ республикэ школ-интернат №1-м. Къыщалъхуа къуажэм дэт курыт еджапІэм и унафэщІу лэжьэну къеІэІури, Борис къыгъэзэжащ, икІи илъэсипщІкІэ а къулыкъур хьэлэзу зэрихьащ. 2000 - 2013 гъэхэм и лъэгъащ ар гъащІэм кууэ пхыплтьыф цІыху Іущу зэрыщытыр.

И къару, и зэман емыблэжу цІыхубэм яхуэлажьа ЖьэкІэмыхьэу Борис къэралым гулъытэнэщ ищІакъым - абы дамыгъэ лъапІэ куэд, къыхуагъэфащащ. Абыхэм ящыщщ СССР-м ЦІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныжкІэ и министерствэм, Егъэджэныгъэ ІэнатІэм, апхуэдизу УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныжкІэ и отличник, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэныжкІэ щІыхь зиІз и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэхэр къыфІащащ.

И мыхьэнэжкІэ къыпхуэмылъытэныи хуэдизу ин Іуэхущхэ яхуилэжьащ Борис къызыхэкІахэм - ЖьэкІэмыхьэхэ я тхыдэр щыІэзэхуэхьэсыжа, лъэпкъым щыщхэм я ІуэхущІафэхэм ятеухуа тхылъ хъарзынэ къыдигъэкІащ нэгъабэ. Ари Борис и фэеплъу къаухэнащ.

Унагъуэ дахи иІащ Борис. Абыра и щхьэгъусэ Лилэрэ бын хъарзынэ ягъэсащ. ЩІалитІрэ зыпхъурэ здагъэуэтащи, посми щІэныгъэфІ яІэу, зыхэтхэм фІыкІэ къахэщу мэпсэу.

ГубзыгъагъэкІ къызыхихьын псэльэгъу, чэнджэщагъэ дэтхэнэми хуэхъуфщІыхуэ зэпІэзэрыт яфІэкІуэдащ лъэпкъми, къуажэми, цІыбгъэми. «ЦІыхуу дахэу, щабэу дунейм тетащ, куэдым яхуэщъхьэпащ. Дыхуэарэзыщ, Алыхьыр арэзы къыхухьу», - апхуэдэ псалъэхэрщ абы хужаІар иужьрей гъуэгуанэ трагъуэвэжьну и пщІантІэм дыхьа цІыхуищхэми ар дунейм зэррехьжар зэхэзыхахэми. Апхуэдэу ар зигу кьынэнур и Іыхьлыхэм, и къуажэгъуэм я закъуэкъым, атІэ къыщІэлэжьа, иригъэджа, мащІэ-куэдми зыгуэркІэ къыпыщІауэ щыта дэтхэнэми фІыкІэщ ЖьэкІэмыхьу Борис и цІэр кьыззэрыратІэуэнур. ЖэнэткІэ Тхьэм игъэгуфІэ.

«Къэббалъкъэргропмстрой» АО-м ихьэлэ Іуэхущ Іапі эхэм, КъБКъУ-м, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я лэжьакІуэхэр.

Чым Владимир Сэфарбий и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым ухуэныгъэм епха и Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ящыхъуэу яхьыбар къыдагъэщІащ КъБКъУ-м и инженер-техникэ факультетым и унафэщІу илъэс куэдкІэ щыта Чым Владимир Сэфарбий и къуэр дунейм зэрехьажмкІэ.

Чым Владимир 1933 гъэм гъатхэпэм и 10-м Аруан щІынальэм хьихьэ Псыкуэд къуажэм къыщалъхуащ. ЩІэныгъэм пщІэ щыхуащІ унагъуэм къыхэкІа щІалэмэ и гур еджэным хуэзІухат, Іэмал зэриІэкІи нэхъыбэ зэрызригъэщІэным яужь итт. Псыкуэд дэт илъэсиблэ еджапІэм иужькІэ Владимир щІэтІысхьащ республикэ еджапІэ-интернатым. 1952 гъэм ар къиухри, щІэныгъэкІэ, лэжьыгъэ и пІалъэкІэ ядэгуашэу ар щыІащ КъБКъУ-м егъэджакІуэхэм я Іэщ Іагъэм, щІэныгъэм щыхагъахьэу я институтым.

Илъэс пщыкІуэкІэ ЖьэкІэмыхьэр и къуэмадэу щытащ Хэку зауэшхэм хэтахэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я къуажэ советым. Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрымытами, сыт хуэдэ къулыкъу иримыхьэкІами Борис и лэжьыгъэм хуэІэзэу, зыхэтхэм я деж Іулыдж щІэу, пщІэшхуэ кьыхуащІу къэгъуэгурыкІуащ. ИгъэлэжьакъэМ нобэми яГу къагъэкІыж абы хэлъа нэмысыр, щыхъугъэшхуэр, щыпкъагъэр. ЩІэныгъэ куу зрита, гъэсэныгъэ дахэ зыхилъхьа щІэблэмэ я напщІэ тельщ абы зэриГъэсар, зэрыриГъэджар.

ЖьэкІэмыхьу Борис къызэгъэпэщакІуэ Іэззу, Іулыдж зиІэ унафэщІу, зи Іуэху еплъыкІэ зиІэжрэ ар пхъызигъэкІыфу зэрыщытыр щызэпльащІысат республикэм и адрей жьалыгъуэхэми икІи абы и деж чэнджэщакІуэ къакІуэрт школ, сабий гъэсапІэ куэдым я унафэщІхэр. Борис хуэзфІэкІымкІэ защІигъакъуэрт Іуэхукіэ зыкъхъуэзыгъаззэ дэтхэнэми.

Ди къэкІуэнур зыхуэзэнур зэлъытта щІэблэм щІэныгъэ щІэзыгъэ щІат Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьыгъэр щиунэтІа зэманым сабийхэм ядэлэжьынхэр зыщІыхьыхьым абы псом япэ иригъэщІыр, гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуищІыр егъэджакІуэхэр щІэблэм зрадзэгушэфыну яБгъэдэлъырт - я щІэныгъэ, гъэсэныгъэ я Іуэхущхьэкіэ я кьагъэльагъуэ зэфІэкІырт. Борис хьэжьыу пхыкІат мыр: сабийм щапхъхъэ хуэхъур илъагъурщ - дахагъэм щапІыкІа неблжьыщІэм гъащІэм гъэгу захуэ къыщыхьех, цІыхубэм яхуэщъхьэпэну Іуэхуэхр и Іэужь мэхъу.

ЖьэкІэмыхьур жылагъуэ гъащІэми жьыджэру хэтащ. Къуажэм и Ветеранхэм я советым абы лэжьыгъэфІ щызэфІигъэкІащ, нэхъыжьхэм защІэгъэкъуэным хуэгъэзэ жэрдэм къуэдым я зэхэублакІуэу, унэтІакІуэу щытащ. Апхуэдэуи КЪР-м и Жылагъуэ палатэм и нэхъыжьхэм я советым илъэс зыбжанэкІэ хэтати, абыи къыщигъэлъагъуащ ар гъащІэм кууэ пхыплтьыф цІыху Іущу зэрыщытыр.

1997 гъэм Чым В. С. ерыскьыпхъэхэр къыщІэгъэкІыным тегъэпсэлъа Іэмэпсымэхэмкіэ кафедрэм и доцентру лэжьащ. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэ, методикэ зэмылІэужьыгъуэ 60-м нэблагъэ. Чымым пщІэшхуэ щиІэт и лэжьыгъуэхэм, иригъаджэхэм, республикэм и жылагъуэм я деж.

И щІэныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэм щыхъэзэфІэкІахэм папщІэ Владимир къыхуагъэфэщащ «КЪБР-м щІэныгъэ егъэгъуэтыныжкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр, КъБР-м и Правительствэм и Щ Іыхь тхылъыр, нэгъуэщІ дамыгъэхэр.

Республикэм и уэхуэныгъэ ІэнатІэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа цІыху гумызагъэм, лжьакІуэшхуэм, къызэгъэпэщакІуэ Іэзэм и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи диГу илъынщ.

«Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я лэжьакІуэхэр.

● Цыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Насыпыр зылъысыр

Ухъуапсэу ущысыным зыри и мыхьэнэкъым, а узыщІэхъуэпсыр зыІэрыбГэхьэным иужь уимытмэ.

ЛИВРАГА Хорхе Анхель.

Насыпыр зылъысыр куэдрэ лажьэрщ.

ЛЕОНАРДЭ да Винчи.

ЦІыхум и хэщІыныгъэ нэхъ ин дыдэр зэманыр пщІэншэу гъэкІуэдныinjщ.

ТЕОФРАСТ Тиртам.

ЦІыхум нэхъ лъапІэ дунейм къытехьакъым. Ар псэ зыІут адрей псоми акъылкІэ къащхьэщокІ, и дуней тетыкІэкІи ар игъэпэжу щытын хуейщ – нэхъыщхьэращи, и къабзагъэкІэ, узыншагъэкІэ, губзыгъагъэкІэ, псэукІэкІэ.

ПАВЛОВ Иван.

ЦІыхур псэуху и гугъэр фІэкІуэд хъунукъым.

СЕНЕКЭ.

АкъылкІэ лажьэм и гъащІэр хъэлъэ хъунущ, и Іэпкълъэпкъыр имыгъэлажьэу, къарукІэ зыгуэр имыщІэу щытмэ.

ТОЛСТОЙ Лев.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим, тхакІуэхэу КІэщт Мухьэз, Сокъур Мусэрбий, Мэзыхьэ Борис сымэ Шэджэм мэзым щызэІущІахэщ. *1984 гъэ.*

● Унэгуащэхэм папщІэ

Ерыскъы Іей щыІэкъым

♦Ерыскъы Іей щыІэкъым, цІыху Іейщ щыІэр.
♦Шэрджэсхэм хьэгулывэр бегъымбар шхыну ябжу щытащ, абы хущхьуэгъуэ куэд зэрыхэлъым щхьэкІэ.
♦Хьэм къыхэщІыкІа шхыныгъуэхэр ирагъэшхыу щытащ зи къупщхьэ къутахэм. Къапщтэмэ, зи дзажэ къутам хьэ мырамысэ ирагъэшхыр, ар захуэу кІыжьын щхьэкІэ. Абы хэлъщ къупщхьэр зыгъэкІыж пкъыгъуэхэр, къапщтэмэ, фосфор, кальций, нэгъуэщІхэр.
♦ЦІыхум и тхьэкІумэр щыузым и деж къэрмэфибл дагъэ ирагъаткІуэри мэхъуж.
♦Лыр нарзаныпскІэ бгъавэмэ, нэхъ щІэхыу мавэ икІи лэпс Іэфі къыщІовыкІ.
♦Мыгъэлыгъууэ хуэрэджэ купкъ, щІыдз, пщІий куэд пшхымэ, щхьэр егъуэз.
♦ПІастэ зэрызэпагъэжа сэр занщІэу лъэщІыжын хуейщ, арыншамэ кІэрогъуэри, гъэкъэбзэжыгъуей мэхъу.
♦Хьэлыуэр щаубэкІэ я Іэр куэдрэ псыф ящІмэ, хьэлыуащхьэр тоуцІыныкІ.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Цыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Насыпыр зылъысыр

Ухъуапсэу ущысыным зыри и мыхьэнэкъым, а узыщІэхъуэпсыр зыІэрыбГэхьэным иужь уимытмэ.

ЛИВРАГА Хорхе Анхель.

Насыпыр зылъысыр куэдрэ лажьэрщ.

ЛЕОНАРДЭ да Винчи.

ЦІыхум и хэщІыныгъэ нэхъ ин дыдэр зэманыр пщІэншэу гъэкІуэдныinjщ.

ТЕОФРАСТ Тиртам.

ЦІыхум нэхъ лъапІэ дунейм къытехьакъым. Ар псэ зыІут адрей псоми акъылкІэ къащхьэщокІ, и дуней тетыкІэкІи ар игъэпэжу щытын хуейщ – нэхъыщхьэращи, и къабзагъэкІэ, узыншагъэкІэ, губзыгъагъэкІэ, псэукІэкІэ.

ПАВЛОВ Иван.

ЦІыхур псэуху и гугъэр фІэкІуэд хъунукъым.

СЕНЕКЭ.

АкъылкІэ лажьэм и гъащІэр хъэлъэ хъунущ, и Іэпкълъэпкъыр имыгъэлажьэу, къарукІэ зыгуэр имыщІэу щытмэ.

ТОЛСТОЙ Лев.

● Нэщэнэхэр

Хьэнцэгуащэ

Гъэмахуэм дунейр уэгъу хъуамэ, хьэнцэгуащэ кърашэкІырт.

Абы нэхъыбэу хэтыр цІыхубзхэмрэ сабийхэмрэт. Хьэнцэгуащэм и «Іэблитыр» яІыгъуу кърашэкІырт, мы псалъэхэр жаІэурэ: «Хьэнцэгуащэ зыдошэрэ, Ялыхь, уэшх кьегъэщэщэх». А псалъэхэр къытрагъаззурэ куэдрэ жаІэ. Мыбы и лъабжьэр мажуий дыщыщокІэ. Чыристан диным адыгэхэр щихьам щыгъуэ а мажуий тхьэлъэІум щихь Ялий (Илья) жьхуаІэр хэту щытащ, иужькІэ муслъымэн диныр къышащтэм, абы Алыхьталэм и цІэр хагъэхьащ.

Хьэнцэгуащэ тхьэлъэІум щыгъуэ шапсыгъхэм хьэнцэгуащэр псы ежэхьм халъхьэрти, уэшх кьешхыхукІэ къыханэрт. Къэбэрдейхэм хьэнцэгуащэр къуажэкум щыхатІэрти, удж иращІэкІырт. КІахэ адыгэхэм хьэнцэгуащэ къыщрашэкІкІэ Іэмал имыІэу шэ зэраз къуэзанэм кхъуей хьэбыкъуэрэ хупщынэ тІэкІурэ илъу къыздрахьэкІырт. Уэшх нэхъыбэу къарагъэшхын щхьэкІэ, хьэнцэгуащэ къезышэкІхэм хьэндыркъуакъуэ хуэпауэ къыщыздрахьэкІи щыІэт.

Уэшх къарагъэшхын щхьэкІэ нэгъуэщІ Іэмалхэри къагъэсэбэпырт. Псыхэдзэ ящІырт, мывз цІыкІухэм ебжурэ ахэр псым, архъуанэм хадзэрт, тхьэлъэІуу Іэщ фІыщІэ яукІыурэ абы и фэр къуажэм и хьуреягъкІэ губгъуэхэм къыщралъхьэфэкІырт. Ахэр кІэщэм, уэшх кьешхыну къалытэрт. Гъэмахуэр узгъуэмэ, апхуэдэ тхьэлъэІу мыдрей гъэмахуэ мазэхэми ящІырт.

● Шхыныгъуэхэр

Жьэнфэн зэкІэрыщІа гъэва

Мыр нэхъыбэу зыгъэхьэзыру щытар къущхьэхъу щыІэхэмрэ щакІуэхэмрэщ. Мэл къурмакъэйм и ГысэУ тхьэмбылыр кІраха нэужь ззэыр къыкІэрагъэж, гумрэ жьэжьеймрэ тІууэ зэгуэупщыкІри, лъы пцІар кърах, иужькІэ псори псы щыІэкІэ ятхьэщІ. ИтІанэ жьэнфэн зэкІэрыщІар шыуаным иралъхьэри, щІигъанэу псы щыІэ щІакІэ. Ар зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрах, мафІэр цІыкІу ящІ, шыгъу хадзэ, губгъуэпхъ халъхьэри, и щхьэр тепІауэ дакъикъэ 40-60-кІэ, хьэзыр хъуху, ягъавэ. Шыуаныщхьэр къытримыІэтыкІын щхьэкІэ хьэлъэ гуэр тралъхьэ. Ва нэужь, мафІэм къытрахьжри, шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикъэ 15-20-кІэ щагъэт. ИтІанэ хьэкъущыкъу лъэщІабгъуэм иралъхьэри, шыгъу щабэ трагъэщащэ. ТІэкІу упщІыІуа нэужь тхьэмбылтхьэмщІыгъуэр зэпагъэкІ, гури кьыхагъэж.

Іэнэм щытрагъэувэкІэ пІащІэу яупщІатэри, псом щыщи тепщэчым иралъхьэ. Пщтыри щІыІэуи яшх. Бжьныхуу шыпс дытрагъэувэ. ПІастэ хуаби, щІакхъуи, лэкъуми, чыржыни дашх.

Халъхьэхэр (цІыхуиплІ Іыхьэ):

Жьэнфэн зэкІэрыщІауэ - г 1350-рэ
Псыуэ - г 2300-рэ
Шыгъуу, губгъуэпхъыу - узыхуейм хуэдиз.

КІэртІоф лэкъум

КІэртІоф укъэбзар псы щІыІэкІэ ятхьэщІри, лыхьэжым щІагъэкІ, тепщэчышхуэм иралъхьэри, шыгъу, джэдыкІэ цІынэ халъхьэ, пщагъэр псы хуабэкІэ зэхащІэ, гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщІа халъхьэри, тхъэвым хуэдэу ятпщ. Ар зэрылъ тепщэчым хьэжыгъэ траудэри, кьэтэджжи щхьэкІэ зы сыхьэт-сыхьэтрэ ныкъуэкІэ хуабапІэм ягъэув. Тхъэв тэджжи чыржыным хуэдэу пІащІэ хъурей цІыкІуурэ ящІ, тебэм ит тхъу къэпльаи халъхьэ, зэрагъэдзэкІыурэ тхъуэпльъ хъуху ягъажьэ. Шатэ тракІэри яшх. Шэ щІыІи удефэ хъунущ. Мыр гъатхэм нэхъ ящІырейуэ щытащ.

Халъхьэхэр (цІыхуищ Іыхьэ):

КІэртІоф укъэбзауэ - г 500
Псы хуабэу - г 30
Гуэдз хьэжыгъэу - г 200
Пщагъэу - г 20
ДжэдыкІэу - г 20
Тхъууэ - г 100
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхыльым къитхыжащ.

Махуэу сылъыхъуэри...

● ГушыІэ

Пщыхьэщхьэм Хъуэжэ и шыдыр имыгъуэтыжу къыздихьэжащ. Жэщыбгым нэсауэ, пщІантІэм Іэуэльауэ гуэр къыщыІуащ.

- Си шыдыжьыр къэкІуэжауэ къыщІэкІынщи, щІэзгъэхьэжынщ, - жиІэри Хъуэжэ унэм къыщІэкІащ.

Іэуэльауэр къыздиІуКІыр шыдыр здэщыт хабзэмкІэти, абыкІэ кІуащ. Дыгъуакіуэхэр шыдым лъыхъуэу абы щІэту щилъагъум:

- Сэ махуэу сылъыхъуэри, згъэутыжакъым, фэ жэщу вгъуэтын фи гуГэрэ а си шыдыжьыр? - жиІэри Хъуэжэ унэм щІыхьэжащ.

Мелуан 51-м щІегъу

● Фэ фщІэрэ?

ХъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм урысей Интернетыр кьагъэсэбэпын щыщІадзар 1995 гъэращ. Ялэ дыдэу абы ихьащ «Учительская газета»-мрэ РБК-мрэ. Ильэс дэкІа нэужь, «Интерфакс» сайтым лэжьэн щІидзащ.

* * *

1994 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м домен.ru сайтым лэжьэн щІидзащ. Ар урысей Интернетыр къыщалъхуа махуэу уб хъунущ.

* * *

Нэхъапэм интернет лъыхъуапІэ нэхъ ехьэжьауэ щытар – Рамблер, Апорт, Яндекс сайтхэмрэ Мэйл.ру пощтымрэщ. Ахэр 1996-1998 гъэхэм къэунэхуащ.

* * *

Нобэ «Яндекс»-м хъыбару къыщалъхьхъуэр мелуан 51-м щІигъуащ. 1999 гъэм ар зэрыхъур мин 24-рэт.

* * *

ЗэупщІа цІыхухэм я процент 73-м махуэ къэс сыхьэтищ соцсетхэм трагъэкІуадэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5**. Австралием щекІуэкІа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщыІэзыхьа Къардэн ... **7**. Нэщі мазэм тхьэмыщкІэхэм хухах Іыхьэ. **8**. Ди лъэпкъэгъу, Къэрал Думэм и депутат. **9**. ЩІыпІэ хуабэхэм хъраш пхъэщхьэмыщхьэ. **10**. «ФІыщІэ» псалъэр нэгъуэщІу зэрыжаІэ. **11**. Адыгэ тхакІуэ: роману тІощІ, нэгъуэщІ тхыгъэ Іэджи зи Іэдакъэ къыщІэкІа, Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь. **12**. Къуэш ... нахърэ ныбжьэгъуфІ. **14**. Уи псалъэ мыкІуэду уи ... укІуэд. **15**. Гъуэгум иІэ кумбльэмбхэр. **18**. Егъэлеяуэ нэпсей, зыгуэр ищэмэ, игъэува уасэм темыкІ. **19**. Бдзэжьей лІэужьыгъуэ. **22**. Уэрэдыжь зыгъэзащІэм и дзэпыкъуэгъу гуп. **26**. Ныбэр къэблагъэм ... пщегъэгъупщэ. **27**. Майор, подполковник, полковник, генерал, ... **28**. УэрщэрынкІэ ирикъури, щІалэхэр зэбгрыкІыжащ, щхьэж и ... бжэн лъакъуэу. **33**. Махъсымэ къызыхащыкІ зэхэгъэва. **35**. Адыгэ лъэпкъым и зы къудамэ. **36**. Дзыгуэлыр дурдыпу къызыщыхъуу къуалэбэу. **37**. Хьэ, гуэдз ягъэвэнур зэращэб гъущІ Іэмэсымэ. **38**. ... гъущэрылърэ фызыгъэплъа лІырэ. **39**. Хэку зауэшхуэм и зэманым фронтым щыІэ щытыкІэр къэрал псом радиокІэ ялъэзыгъэІэсу щыта директор щІэрыІуэ. **42**. ... къамылтъуэм уанэ хуэзащІелъхьэ. **43**. Къущхьэхэр (осетинхэр) къызытехьукІа лъэпкъ. **45**. Фочым е кІэрахъуэм я зы пкъыгъуэ цІыкІу, ахэр зэрагъауэ Іэпэ. **46**. Ахъшэ: тхылъымпІэуи гъущІыкІэм къыхэщыкІаи щыІэщ. **47**. Адыгэ бэнакІуэ цІэрыІуэ Махуэ ...

Къехьу: **1**. Хэку зауэшхуэм и зэманым партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и ялэ секретару щыта ... Зубер. **2**. «Телъхьэ уанэр си шым, уей си шынэхъыщІэ, ... кІуэ жаІауэ ТэрчкІэ соукъуэдий» - КІыщокъуэ Алимрэ ХьэІупэ Джэбрэіилрэ яуса, Тут Заур игъэзащІэ уэрэд цІэрыІуэм щыщ. **3**. Дагъуэ зимыІэ щІыху. **4**. Ильэс 18 зи ныбжь щІалэм и ... кІуэгъуэщ. **6**. Щым гъуэ куу къыщІизытхъу, хьэмбылу, ьэпІащІэ хуэдэхэр зи шхыныгъуэ псэущхьэ щІыкІу. **13**. Гупым я пашэ, я щапхъэ, я гъуэгугъэльаГуэ. **14**. Іуданэу зэхэща кІапсэ псыгъуэ щІыкІу. **15**. ПХъашэ, гъур. **16**. «Ильэс» псалъэр нэгъуэщІу зэрыжаІэ. **17**. Нэхъапэм атаІыкъым иралъхьэпІу щыта щІала щІыкІу. **20**. Зеиншэ. **21**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар адэжь щІэинщ. **22**. ЦІыху Іэл, жьІэмыдаІуэ, гущІэгъу зымыщІэ. **23**. Гъуэ уадэшхуэ. **24**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **25**. Къуэдэ щыта махъсымэм и щІэтІысыкІ. **29**. Щыуаем деж адэжь-мыдэжь трищІэ уэс пІащІэ. **30**. Дыщэм и зы пльыфэ. **31**. Купсэ кунэщІ кІыхь зиІэ хъэкІыгъэ, цІыхум яшх. **32**. Іужажэм и унафэщІым ... кърегъэжэх. **34**. ЩІымахуэм щыгъэшым хищІэ хъэпІащІэ къэзылъэтыхь. **39**. НэкІум иІэ зэлъагъэ. **40**. ЕгъэлеяуэрещІ. **41**. Революционер цІэрыІуэ, шэрихьэт полкым и командиру щыта Къатхъэн ... **42**. Гъэшхэкі. **44**. Хэку зауэшхуэм лІыхъужьыгъэ къыщызыгъэлъэгъуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Бадзэуэгъуэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жуэлапэр:

ЕкІуэкІыу: 6. Тхъурыжь. **7**. Нэгумэ. **8**. Джэд. **9**. Фэбжь. **10**. Собэ. **11**. Дыщэкі. **13**. Вы. **14**. Ем. **15**. Хьэфэ. **17**. Гулъэ. **18**. Щхъэжь. **23**. Мыгъуэ. **24**. Кужьы. **26**. Псэм. **28**. Шыд. **29**. Хьэвэ. **33**. Яе. **34**. Фо. **35**. Тхыдэ. **36**. Анэл. **38**. Жасы. **39**. Бжьо. **40**. Набгъэ. **41**. Бжьэпэ.

Къехьу: **1**. Тхъувэжахуэ. **2**. Пыхъужь. **3**. БгъэгущтапІэ. **4**. Хьэпс. **5**. Умыбгынэ. **11**. Дыд. **12**. КІей. **15**. ХьэрыпІ. **16**. Фамплэ. **19**. Хъурыфэ. **20**. Жьыбгъэ. **21**. Кугъуэ. **22**. Гъурц. **25**. Вындыржьыч. **27**. Сагъындакъ. **30**. Вагъэсеплъ. **31**. Хьет. **32**. Афэ. **37**. Лыгъэ. **38**. Жьыжьэ.

● Ар пэжщ

Зыри здэпхьынукъым

СулътІан Сулеймэн Къэнуни и лІэгъуэр къэмыс щІыкІэ и дзэм и нэхъыщхьэр къриджэри, зыщІэхъуэпсІуэхугъуищ жриІащ:

- апэрауэ, лІэмэ, зыдалъхьэну бэныр кхъэм зыхьын хуейуэ унафэ ищІар Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и дохутыр нэхъ Іэзэ дыдэхэрщ;

- етІуанэрауэ, бэныр зэрахьну гъуэгум дыщэ жьгъейхэмкІэ мывэ лъапІэхэмрэ трапхъэуэрэ ирикІуэу кьигъэуващ;

- ещанэрауэ, и ІитІыр зэрынэщІыр цІыхубэм ирагъэлъагъуну гурыІащ.

«Дохутыр нэхъыфІ дыдэхэм си хьэдэр щыдахкІэ, цІыхухэм иралъагъу я нэхъ Іэзэ дыдэри ажалым зэрыпэмыльэщыр. Дыщэжэр щызэбгрыфпхъкІэ цІыхухэм къагурыреІуэ мы гъащІэм къыщытхъэнуэ мылъкур къыщыссэбэнырэ мы дунейрауэ зэрыщытыр. Си ИтІыр зэрынэщІыр щевгъэлъагъукІэ ирегупсыс дуней псом щыщІэрыІуэ пащтыхь сулътІан Сулеймэн Къэнуни хьэдрыхэ зыри зэрызздимыхьам».

СабийгъэгуфІэ. НысащІэр дыщасэм къыщикІыжкІэ, сабийхэм яритын папщІэ хьэпшып цІыкІуфэкІуэхэр къызздихьырт. Абыхэм зэреджэр «сабийгъэгуфІэт». Хабзэр кІуэдыжащ.

Сарихьыхь. Пажьыгъэм, жылагъуэ зэхэтыкІэм епха хабзэщ. Балигъ хъуа щІалэр япэу лэжьакІуэ гуп щыхьыхьэм деж, махъсымэ хуащІырт, джэдкъаз хуаукІырт, нэхъ зыльэкІхэм - мэл. ЦІхьынымрэ фадэмрэ иІыгъыу щІалэр лэжьакІуэ ягъакІуэри, зыхьыхьа гупыр ягъэхъуэхъуэрт. А хабзэм «сарихьыхькІэ» еджэрт.

Техьэпщ1э. ХабзэмкІэ тхьэмадэмрэ нысащІэмрэ зэрымыльагъуу зы илъэс екІуэкІыу щытащ ялэм. А тІур япэу щызэтрагъэхьэм деж, тхьэмадэм нысэм бостеяпхъэ, Іэльэщі, нэгъуэщІ хьэпшып гуэрхэр иритырт. И ныбжьэгъуэр тхьэмадэм къриджэри, ерыскъы Іэнэ къахуищтэрт, игъэхъуахъуэрт.

Тхьэмадэм нысэм хуищІ тыгъэхэм «техьэпщІэкІэ» йоджэ.

Техьэпщ1э яту щытащ нысащІэр зылъагъуну лэгъунэм щІыхьэ щІалэгъуалэми Іыхьлыхэми.

Ди эманым тхьэмадэмрэ нысэмрэ зэтемыхьэу дахьр зы тхьэмахуэ-тхьэмахуитІащ, ауэ хабзэр кьэнауэ иджыри яГъэзащІэ, «техьэпщІэри» нэхъ лъапІэ хъуащ.

● Хабзэм щыщ

Тхьэмадэм нысэм хуищІ тыгъэ

Техьэпщ1э

ЕзыгъэтхахэР
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуэщапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; здэщыкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр зэхъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтіыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А
12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къанщокъуэ Элдэ,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Нэжьокъуэ Заирэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **ЩхьэщэмыщІ Иэ** *(3, 5, 6, -нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ● Тираж 1.938 ● Заказ №1423